ТАХАНЛЕРА ТЕМАНАШ

# Велла дIаваллалц чохь йаккха хан тоьхначу Кхарачойн-Чергазийчоьнан хиллачу сенаторо мацалла кхайкхийна набахтехь

Марсхьокху-бутт 04, 2026




Арашуков Рауф

Кхарачойн-Чергазийчоьнан цIарах Федерацин Кхеташонан хиллачу декъашхочо, велла дIаваллалц набахтехь йаккха хан тоьхначу Арашуков Рауфа мацалла кхайкхийна. Оренбурган кIоштарчу «Iаьржа дельфин» цIе йолчу колонихь хан токхуш ву иза. Кху беттан 1-чу дийнахь дуьйна хIума ца кхоллуш дуьхьал ваьлла иза, хи бен молуш дац цо.

Цуьнан адвокато Трубликов Дмитрийс бахарехь, Арашуков гIуданан изоялтор чохь ву, цо тIедожийна "болх бан лартIахь хьелаш" шена латтор, йаздо пачхьалкхан ТАСС агенталло. Билгалдоккху, экс-сенатор хьалхо болх беш вара тегарш дечохь.

- 2026-чу шарахь 10 шо хан туьйхира ишта Арашуков Рауфна, ФСИН-ан белхахочунна кхаъ бала гӀортарна, латткъам бинчул тӀахьа а таӀзар хийцанза дитира. И бехктакхаман гӀуллакх доладалале жимма хьалха Арашуковс инстаграмехула шена къинтӀера валар дехнера Нохчийчоьнан куьйгалхочуьнга Кадыров Рамзане "доллу а гӀалаташна", ишта цо орца дийхира, шена а, шен доьзална а "таханлерчу хьолехь" гӀо дахьара аьлла.

- Арашуков Рауф а, цуьнан да- «Газпром межрегионгаз» компанин коьртачу директоран хилла хьехамча Арашуков Рауль а лецира 2019-чу шеран гӀуран-баттахь. Арашуков -жимахверг лецира Федерацин Кхеташоно шен болх дӀахьочу заманчохь. 2022-чу шеран дечкен-баттахь Москва гӀалин кхело шинна а хенаш туьйхира велла дӀаваллалц набахтехь вуьтуш. И ший а бехкевира нах байъарна а зуламхойн йукъараллица воьзна хиларна а, газ лачкъорна а. Бехкаш тӀе ца лецира цу шиммо, апелляцин а, кассацин а инстанцеша а таӀзар хийцанза дитира.

Керланаш

Маршо Радио © 2026 RFE/RL, Inc. Ерриг бакъонаш ларъйеш ю